सबहक बीच अछि। प्रभु यीशु के किताब में कहल गेल छै कि हमरा सिनी के समय में संसार आरू यहां तक कि धार्मिक व्यवस्था भी बहुत भ्रष्ट होतै। मुदा परमेश्वर जखन संसारक पुनर्रचना करताह तखन दुष्ट सभक न्याय करताह।”

“अहाँक विचारमे ओ ठीक-ठीक कोना न्याय करताह?” विमला जबाब देलक।

सायरा बतौलकै, “प्रभु यीशु के किताब में कहल गेल छै कि परमेश्वर सब के अच्छा-बेजाय काम के एक किताब में दर्ज करै छैथ। युगक अंत मे प्रभु यीशु मसीह मेघ मे आबय जा रहल छथि। सब कियो हिनका देखताह। ओ हमरा सभ मे सँ एक-एक गोटे कैं ओहि किताब मे जे बात लिखल अछि, ताहि अनुसारैं न्याय करताह।”

विमलाकैं जिज्ञासा भेल। “मुदा हमरा सभकैं अपन अधलाह काजकैं की करबाक अछि?” ओ पुछलीह।

सायरा अपन स्टॉप पर पहुँचैत मुस्कुराइत बस सँ बाहर निकलि गेलीह। “ई त’ सभसँ नीक हिस्सा अछि। प्रभु यीशु पापबलि के रूप मे मरलाह आ फेर जीबि उठलाह। ओ वचन देलनि जे जँ हम सभ अपन पाप स्वीकार करब आ हुनका पर विश्वास करब तँ हुनकर जीवनक बलिदान करबाक हुनकर नीक काज एतेक शक्तिशाली अछि जे ई हमर सभक सभटा अधलाह काज कैं पोथी सँ मेटा देत।”

## सर्वश्रेष्ठ न्याय संदेश

ओसब उपेक्षित महिलाक आवश्यकताक पूर्ति करयवला केन्द्र धरि पहुँचि गेल छल। विमला गरीब, दुबली-पतली विधवाओं के देखलक जे दैनिक भोजन के प्रतीक्षा मे बाहर खड़ी रहल छथिन्। विमला एगो मध्यम-वर्गीय महिला के तेजी से अंदर आवैत देखलक, जे अपन आँख पर के काला निशान के काला चश्मा से छुपावे के कोशिश करैत रहल। विमला’क हृदय करुणा सँ निचोड़ि गेलैन्ह। ओ एकमात्र महिला नहि छलीह जे चोट खा रहल छलीह!

सायरा के ध्यान गेलै। “अहाँ ठीक छी?”


विमला जबाब देलक, “हँ, हम ठीक छी। मुदा हम सोचय लागल छी जे हमरा सभ कैं प्रभु यीशु कैं जल्दिये आबि क’ हमर सभक न्यायाधीश बनबाक आवश्यकता अछि। जँ ई सत्य अछि जे ओ दुष्ट लोक कैं गायब क’ देब’ जा रहल छथि आ नीक लोक कैं सदिखन रह’ लेल एकटा सुन्दर स्थान पर ल’ जेताह त’ ई हमरा सुनल सभ सँ नीक निर्णय अछि!”

यदि आहाँ प्रभु यीशु के किताब के बारे में अधिक जानना चाहै छियै त कृपया ई पन्नाके पिछला भाग में देल गेल जानकारी पर हमरासब सं संपर्क करी सकै छियै।

Copyright © 2023 by Sharing Hope Publications. बिना अनुमति कें गैर-व्यावसायकि उद्देश्यक कें लेल काज कें छपाई आ साझा कैल जा सकय छै।
ई पवित्र शास्त्र न्यू किंग जेम्स वर्जन® के अंग्रेजी प्रति सँ मैथिली मे अनूदित कयल गेल अछि। कॉपीराइट © 1982 थॉमस नेल्सन द्वारा। अनुमति सँ प्रयोग कयल गेल। सब अधिकार सुरक्षित।

## आगू पढ़ब




आओर जानय लेल QR कोड स्कैन करू

# हमर दर्द के लेल न्याय



विमला बिछाओन पर सोझे बैसि गेलीह, हृदय धड़कैत छलनि। एकटा आओर दुःस्वप्न! हर किछु दिन पर भयावह याद हुनकर सपना मे प्रवेश करैत छलनि—एकटा एहन आदमीक याद जे हुनकर फायदा तखन उठबैत छल जखन ओ मात्र १२ सालक छलीह।

विमला ओ दिन बिसरि नहि सकलीह। ओकरा लाज आ गंदा बुझाइत छल आ दर्द'क वजन जे ओ ढोबैत छलीह से ककरो नहि कहने छलीह। विमला विश्वविद्यालयमे पढ गेल, मुदा दुःस्वप्न ओकर पाछू-पाछू चलैत रहल। ओ ओहि आदमी सँ घृणा करैत छलीह आ आशा करैत छलीह जे ओ जेकर लायक छै से ओकरा भेटतैक।

## कठिन प्रश्नसब

विमला'क मोन सवाल स' परेशान भ' गेल छल। की ओकर बलात्कारी कँ कर्मक माध्यमे न्याय भेटतैक? ओ ओकर नगरक एकटा सुप्रसिद्ध पवित्र पुरुष छलाह। ओ लोकक लेल बहुत रास नीक काज करैत छलाह, प्रायः उपवास करैत छलाह, देवताक प्रति बहुत भक्ति देखबैत छलाह। एकटा कुकर्म के ओकर सब नीक काज के तौलला पर कोनो फर्क पड़तैक? कर्म'क नियम कोना चलैत छैक से त' ओकरा नहि बुझल छलैक, मुदा ओकरा बुझल छलैक जे ओकर बुराई ओकरा मे फर्क क' देने छैक।विमला अपन पीड़ा नहि बिसरि सकलीह।

## न्याय खोजैत

विमला'क एकटा सहपाठी, सायरा, के एकटा एहन संस्था मे इंटर्नशिप छल जे जरूरतमंद महिला के मदद करैत छल। एक दिन सायरा हुनका विधवा, मारपीट के शिकार महिला, आ बलात्कार के शिकार लोक के मदद करय वाला केंद्र के दौरा करय आबय लेल आमंत्रित केलनि। विमला घबराहट महसूस केलनि आ सोचय लगलीह जे हुनकर भयावह रहस्य कियो जनैत अछि। मुदा सायरा ततेक दयालु बुझाइल जे विमला जेबाक निर्णय लेलक। जाइत-जाइत सायरा ओकरा किछु घायल महिलाक बारे मे बतौलक जे ओ सभ पिछला किछु दिन मे देखने छल।

"अहाँ कहियो एहन महिला कँ देखन छी जिनका गुरु लोकनि द्वारा दुर्व्यवहार कयल गेल हो?" विमला लजाइत पुछलकै।

सायरा जबाब देलक, "हँ, कखनो काल। बड़ दुखक बात अछि। सिर्फ एहि लेल जे कियो धार्मिक होयबाक दावा करैत अछि एकर मतलब ई नहि जे ओ परमेश्वर सँ जुड़ल अछि।"

"सत्य छै. . . ."

"हमर गुरु, महागुरु कहला जे हमरा सबहक दिन मे धार्मिक संसार बहुत भ्रष्ट भ जायत। हमरा सभकेँ भ्रष्ट धर्मसँ दूर आबि सृष्टिकर्ता परमेश्वरसँ जुड़ल रहबाक चाही। ओ हमरा सभ कँ साफ-सुथरा हृदय देथिन आ हमरा सभक अधलाह काज कँ क्षमा करताह। तखन हम सभ ओहि लोक मे रहब जे परमेश्वर कँ ग्रह कँ एकटा सिद्ध स्थानक रूप मे पुनः सृजित करैत देखब जाहि मे आब कोनो दुष्ट लोक नहि रहत।"

"ई बात बहुत रोचक लगैत अछि। अहाँक गुरु के छथि?"

"हम प्रभु यीशु मसीहक पालन करैत छी। ओ एकटा महान गुरु छलाह, मुदा इहो, ओ परमेश्वर् के अवतार छलाह। अहाँ हुनका बारे मे जनैत छी?"

## युगक अंत मे प्रभु यीशु मसीह मेघ मे आबय जा रहल छथि। सब कियो हिनका देखताह।

"हमरा लगैत अछि जे हम हुनकर किछु तस्वीर बाजार मे देखने छी, मुदा हुनका बारे मे हमरा बेसी जानकारी नहि अछि। ओ आर की कहलनि?"

बस फुटपाथ दिस खींचलक। सायरा बजलीह, "चलू भीतर जाउ, तखन हम अहाँकँ आओर कहि देब।"

## आध्यात्मिक पाखंड

विमला आ सायरा बसमे चढ़ि गेल आ एक संग सीट भेटलनि।

सायरा कहलनि, "यीशु धार्मिक पाखंड के हानिकारक प्रभाव के बारे में बहुत बात केलनि।" ओ अपन पर्स सँ प्रभु यीशुक एकटा छोट सन पोथी निकालि कऽ ओकरा पलटि क खोलि देलनि। ओ इशारा केलनि, "देखू एतय की लिखल अछि।" विमला पढ़लनि,

हे पाखंडी, धर्मशिक्षक आ फरीसी सभ, धिक्कार अछि! किएक तँ अहाँ सभ विधवा सभक घर खाइत छी, आ ढोंगक लेल नमहर प्रार्थना करैत छी। तँ अहाँ सभ कँ बेसी दोषी ठहराओल जायत (बाइबल, मत्ती २३:१४)।

"धर्मशिक्षक आ फरीसी के छथि?" ओ पुछलीह।

सायरा बतौलनि, "ओ सभ एक तरहेँ प्रभु यीशुक समय मे गुरु जकाँ छलाह, मुदा ओ सभ बहुत भ्रष्ट छलाह।" विमला मुड़ी डोला क पढ़ैत रहलीह।

हे पाखंडी, धर्मशिक्षक आ फरीसी सभ, धिक्कार अछि! किएक तँ अहाँ सभ कटोरा आ बर्तनक बाहरी भाग कँ साफ करैत छी, मुदा भीतर ओ सभ रंगदारी आ स्वार्थक भाव सँ भरल अछि। आन्हर फरीसी, पहिने कटोरा आ बर्तनक भीतरक भाग कँ साफ करू, जाहि सँ ओकर बाहरी भाग सेहो साफ भ जाय (मत्ती २३:२५-२६)।

## अनन्त न्याय

सायरा कहलनि, "सृष्टिकर्ता परमेश्वर हमरा सबके सावधान रहबाक लेल कहैत छथि, कारण आध्यात्मिक पाखंड आइयो हमरा